



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ CUOMO FÈ POU L MANDE DEPATMAN JISTIS
ETAZINI AN FÈ ANKÈT SOU RAPÒ VYOLASYON DWA CIVIL NAN PRIZON
FEDERAL BROOKLYN LAN**

“Deseri rapò twoublan te parèt, epi dapre yo, gouvènman federal la te kite plis pase mil prizonye san chofaj, dlo cho oswa kouran pandan tanperati yo te pi ba pase zewo nan Sant Penitansye Metwopoliten an (Metropolitan Detention Center) nan Brooklyn. Okenn moun nan New York pa dwe viv nan lakrent ke yo gendwa mouri anba frede pou kont yo nan fè nwa.

Akizasyon sa yo se yon vyolasyon lamoral ak diyite imèn. Yo soulve kesyon tou sou vyolasyon potansyèl lalwa. Gouvènman an gen yon responsablite fondamantal pou yo sèvi tout moun epi Biwo Prizon Federal la (Federal Bureau of Prisons) bezwen montre ke yo ka asime responsablite sa a. Mwen vle jwenn repons, sila ki responsab yo dwe rann kont, epi mwen vle jwenn asirans ke sa p ap repete ankò.

Jodi a, m ap mande pou Depatman Jistis Etazini an (U.S. Department of Justice) ouvri ankèt imedyatman sou sikonstans ki genyen nan Sant Penitansye Metwopoliten an. Eta New York rete prè pou nou ofri nenpòt sipò ki nesesè pou kontinye gen chofaj, dlo cho ak kouran k ap alimante Sant lan epi ogmante ankèt sou sila yo ki responsab dezòd sa a”.

“Prizyone nan New York yo se moun yo ye. An nou trete yo kòm moun”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)